



Pou Piblikasyon Imedya: 20/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 3 MILYON DOLA DISPONIB KOUNYE A POU REZIDAN MOUNT VERNON YO KE PWOBLÈM DLO AK EGOU TE AFEKTE

Lanse pwogram kay sen Mount Vernon an epi fè swivi ak angajman pou ede rezidan ke kriz enfrastrikti dlo a te afekte

Konplete investisman istorik 150 milyon dola Eta New York la pou rezoud enfrastrikti dlo Mount Vernon ki degrade a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti [pwogram pilòt Kay Sen Mount Vernon](#) Biwo Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR) a. Pou lanse pwogram 3 milyon dola a, ki konplete [investisman istorik 150 milyon dola](#) Eta New York pou rezoud ansyen pwoblèm enfrastrikti dlo ak sante piblik ki gen rapò nan kominote sa a, responsab yo te reyini pou yon sesyon enfòmasyon epi kesyon ak repons (Q&A) sou aplikasyon avèk rezidan ki afekte yo. Nan sesyon an, rezidan yo te aprann kijan pou yo aplike pou 3 milyon dola pwogram pilòt pou asenisman ak rezistans lojman

"Aprè plizyè dizèn ane difikilte nan enfrastrikti dlo ak egou nan Mount Vernon ki soti nan inegalite lojman sistèmik ki dire lontan, New York ap pran mezi odasye", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram 3 milyon dola sa a konplete investisman istorik 150 milyon dola nou an nan enfrastrikti dlo Mount Vernon, epi nou rete angaje pou nou travay ak patnè nou yo nan vil Mount Vernon pou konbat difikilte sa yo epi ranfòse kominote nou yo".

"Aksè nan dlo potab fre ak evakyasyon apwopriye egou yo enpòtan epi enterè New York sou pwoblèm sa a pral ede founi dlo potab ak rezidan eta nou an ki abite nan zòn tankou Mount Vernon ki kounye a soufri ak pwoblèm kalite dlo", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Lè nou bay mèt kay yo asistans atravè pwogram pilòt asenisman ak rezistans lojman pou ranplase sistèm septik ki pa bon yo epi pote amelyorasyon ki nesèsè pou diminye pwoblèm kalite dlo a, nou p ap sèlman pwoteje sante piblik men n ap amelyore anviwònman an tou".

Direktris Ekzekitif Biwo Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè a, Katie Brennan, te deklare, "Tout Nouyòkè merite viv ak diyite. Pwogram pilòt Mount Vernon GOSR la se yon etap imedya pou kòmanse abòde enpak pwoblèm egou depi lontan ak ekspozisyon

nan plon nan kay nan kominote a. Nou espere kontinye patenarya nou ak Majistra Patterson-Howard pou rann kay ki nan Mount Vernon vin pi sekiritè ak pi rezistan".

Komisè Depatman pou Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "Pandan twò lontan, moun ki abite Mount Vernon yo te fè fas ak yon kriz enfrastrikti dlo ak difikilte sante li pote yo. Jodi a, n ap respekte angajman Gouvènè a pou investi nan enfrastrikti dlo Mt. Vernon nan mete finansman disponib pou kòmanse pwosesis rekonstriksyon an epi ede rezidan ki pi bezwen yo. Nou espere kontinye patenarya solid nou an avèk Vil Mt. Vernon ak kominote a pou bay resous ki nesèsè pou rezoud pwoblèm enfrastrikti dlo rezidan yo te fè fas yon fwa pou tout".

Majistra Mount Vernon lan, Shawyn Patterson-Howard, te deklare, "Nan Mount Vernon, n ap sibi dirèkteman enpak kriz chanjman klimatik la ak enfrastrikti ki pa bon yo te neglije pandan plizyè dizèn ane. Mwen te wè dirèkteman konsekans inondasyon ak refoulman egou yo te genyen sou granmoun aje nou yo ak fanmi yo. Se poutèt sa ekip nou an te travay nan tèt kole ak Gouvènè Hochul pou bay soulajman ekonomik pou mèt kay nan Mount Vernon yo. Finansman 3 milyon dola sa a pral gen yon enpak sou fanmi yo nan rezoud danje anviwònmantal nan kay yo epi y ap vin pi rezistan devan defi n ap fè fas nan ensidan egou ak dlo yo".

George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li te pran inisyativ pou pote sekou ki nesèsè pou rezidan Mount Vernon yo ki gen anpil pwoblèm dlo ak egou nan kay yo. Ouvèti Pwogram Kay Sen an pral ede fanmi Mount Vernon yo rete enfòm sou reparasyon dlo ize oswa domaj inondasyon, efò pou prevansyon refoulman dlo egou yo ak lòt asenisman anviwònmantal yo ka gen dwa ak yo. Enfrastrikti enpòtan dlo Mount Vernon an fin vye ak gen twòp chaj, epi pwogram Kay Sen an pral finalman amelyore kalite lavi pou rezidan sa yo".

Nan dat 15 avril 2022, Gouvènè Kathy Hochul, Majistra Mount Vernon, Shawyn Patterson-Howard, ak Egzekitif Konte Westchester, George Latimer, te anonse 150 milyon dola nan investisman pou enfrastrikti dlo nan Mt. Vernon, plis yon lòt 3 milyon dola pou ede rezidan ki afekte nan kriz egou ak enfrastrikti dlo nan vil la. Inisyativ la, ke GOSR administre epi ki vize pwopriyete ki pi souvan afekte yo ak gen gwo risk yo, pral bese danje anviwònmantal yon epi pote amelyorasyon nan rezistans pwopriyete prive. Kay k ap patisipe yo ka elijib pou reparasyon domaj dlo ize oswa inondasyon, enstalasyon mezi prevansyon kont refoulman dlo egou, diminisyon nan enfiltrasyon plon nan dlo nan kay yo, ak lòt asenisman anviwònmantal ki nesèsè. Rezidan ki enterese yo ka ale sou stormrecovery.ny.gov/mountvernon pou jwenn plis enfòmasyon.

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Pandan twò lontan, twò rezidan Mount Vernon te oblije viv nan laperèz pou dlo egou toksik yo pa monte nan kay yo, polisyon dlo yo, epi mete chaj la sou kontribyab lokal la. Mwen te jwenn finansman istorik pou dlo potab nan Lwa sou Enfrastrikti ak Travay Bipatit la pou fè pwojè tankou Mount Vernon an finalman derape, epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou angajman solid li pou mete fen nan kriz dlo egou sa a. Mwen pral kontinye batay san pran souf pou asire ke

Mount Vernon gen tout sipò federal li bezwen pou asire ke vil la gen sistèm egou yo te vle ak merite depi lontan".

Reprezantan Jamaal Bowman te deklare, "Sa itil epi se yon moman apwopriye pou aplikasyon yo ouvri kounye a pou rezidan yo patisipe nan pwogram pilòt Kay Sen Mount Vernon an. Nan kòmansman semèn sa a, Konte Westchester ak Vil New York te sibi yon lòt gwo tanpèt lapli ki te lakòz inondasyon ak domaj nan kay moun, lekòl yo ak espas travay yo. Kay, wout yo, ak otowout nou yo pa te konstwi pou reziste ak move tan n ap viv kounye a. Eta New York ak Mount Vernon ap pran mezi pou bay asenisman nan lojman ki nesèsè anpil pou kèk nan moun move tan ekstrèm chanjman klimatik la afekte pandan sa ap amelyore enfrastrikti dlo ak egou vil la pou mwens domaj alavni. Nou pa ka tann ankò pou nou fè chanjman sa yo, epi mwen espere ke rezidan yo ap pwofite opòtinite sa a pou aplike pou pwogram pilòt la".

Senatè Eta, Jamaal Bailey, te deklare, "Inisyativ istorik sa a se yon premye pa enpòtan nan konstwi yon vil ki pi sekirite, pi sen epi pi fleksib. Pandan twò lontan, sistèm dlo ak egou Mount Vernon yo te deteryore akòz plizyè deseni dezentestisman ak neglijan. Avèk finansman renouvle, pwogram pilòt sa a pral avanse reparasyon nan kay ki pi souvan afekte yo epi ki gen gwo risk yo pou rezoud domaj inondasyon, refoulman dlo egou ak enfiltrasyon plon pandan l ap modènize sistèm nou yo pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak Majistra Mount Vernon, Shawyn Patterson-Howard, paske yo reponn ak bezwen kominote nou yo epi pou angajman kontinyèl pou revitalizasyon Mount Vernon".

Manm Asanble J. Gary Pretlow te deklare, "Pwogram Kay Sen Mt. Vernon an pral pote asistans ki trè nesèsè pou anpil mèt kay nan vil nou an. Eta aktyèl enfrastrikti nou an te kontinye lakòz gwo domaj nan kay anpil nan sitwayen k ap travay di nou yo epi nou dwe bay tout resous ki nesèsè pou mete fen nan domaj ki toumante gwo vil nou an".

Konsènan Biwo Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè a

Etabli nan mwa jen 2013, GOSR kowòdone efò rekiperasyon nan tout eta pou Gwo Tanpèt Sandy, Siklòn Irene, ak Tanpèt Twopikal Lee. Atravè Pwogram Rekiperasyon Lojman NY Rising (NY Rising Housing Recovery), pwogram Ti Bisnis yo, pwogram Rekonstriksyon Kominotè ak pwogram Enfrastrikti ak pwogram Rekonstriksyon apati Konsepsyon li yo, GOSR ap envesti 4.5 milya dola nan Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè federal-Finansman pou Rekiperasyon apre Katastwòf (Community Development Block Grant-Disaster Recovery, CDBG-DR) yo pou pi byen prepare New York pou move tan ekstrèm yo.

GOSR ap ogmante tou fon Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè-Kowonaviris (Community Development Block Grant-Coronavirus, CDBG-CV) pou egzekite inisyativ rezistans tankou Kay Sen Mount Vernon yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)